

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan métode latihan dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas X SMA Negeri 10 Bandung, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- (1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa SMA Negeri 10 Bandung di kelas ékspérimén dina tés awal hasilna kurang nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 3,47, hartina siswa can mampuh nulis aksara Sunda. Dina tés ahir sabada dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode latihan hasilna katitén geus nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 7,78, hartina siswa geus mampuh dina pangajaran nulis aksara Sunda.

Kamampuh nulis aksara Sunda siswa SMA Negeri 10 Bandung di kelas kontrol dina tés awal rata-rata 3,55, hartina siswa can mampuh nulis aksara Sunda. Sabada ayana pangajaran ngagunakeun métode ceramah rata-rata hasilna ngaronjat, sanajan masih can nyugemakeun. Tina hasil tés ahir rata-rata kamampuh siswa nya éta 5,78.

- (2) Kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada dilaksanakeun kagiatan diajar-ngajar tétéla ngaronjat. Hal ieu katitén tina hasil *uji gain* kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol aya parobahana anu *signifikan*. Tina *uji gain* kelompok ékspérimén

kapanggih $t_{itung} (25,41) > t_{tabel} (1,85)$. Sedengkeun dina *uji gain* kelompok kontrol kapanggih $t_{itung} (13,11) > t_{tabel} (1,85)$.

- (3) Aya béda anu *signifikan* dina kamampuh siswa kelas ékspérimén, saméméh jeung sabada dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode latihan. Hal ieu katitén tina hasil *uji hipotésis* anu nuduhkeun yén $t_{itung} (22,88) > t_{tabel} (2,46)$.

Aya béda anu *signifikan* dina kamampuh siswa kelas kontrol, saméméh jeung sabada dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode ceramah. Hal ieu katitén tina hasil *uji hipotésis* kelas kontrol anu nuduhkeun yén $t_{itung} (9,34) > t_{tabel} (2,46)$.

Aya béda anu *signifikan* antara kamampuh ahir kelas ékspérimén jeung kamampuh ahir kelas kontrol dina pangajaran nulis aksara Sunda. Hal ieu katitén tina hasil *uji hipotésis* anu nuduhkeun yén $t_{itung} (8,33) > t_{tabel} (2,46)$.

- (4) Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén métode latihan téh *éfektif* pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode latihan, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan, di antarana:

- (1) Métode latihan bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda;

- (2) Ayana panalungtikan ngeunaan métode latihan dina matéri pangajaran lianna enggoning leuwih ngabuktikeun *kaéféktifan* éta métode pangajaran;
- (3) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun métode latihan.

